

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina bab IV bisa dicindekeun yén tina ieu panalungtikan bisa katitén :

- 1) Kamampuh awal nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk Basa Sunda siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi saméméh ngagunakeun modél *Take and Give* hasilna masih kénéh kurang hadé jeung kurang nyugemakeun.
 - a) Dina aspek nulis surat saperti eusi surat rata-rata skor (18,95) siswa kurang lengkep dina nepikeun informasi, struktur surat rata-rata skor (12,39) siswa masih kurang patalina antara babagian surat nu hiji jeung nu séjénna , sarta éjahan rata-rata skor (2,8) siswa kurang maham kana éjahan dina nulis surat.
 - b) Dina aspek ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda rata-rata skor (12,46) siswa masih kurang mampuh sabab basa anu digunakeun campur maké basa Indonesia, ngagunakeun diksi rata-rata skor (11,80) siswa masih kurang merenah ngagunakeun diksi dina nulis surat.

Sedengkeun kamampuh ahir nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk Basa Sunda siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give* hasilna geus nyugemakeun.

- a) Dina aspek nulis surat saperti eusi surat rata-rata skor (22) geus lengkep dina nepikeun informasi, struktur surat rata-rata skor (15,43) geus cukup

patali antara babagian surat nu hiji jeung nu séjénna, sarta éjahan rata-rata skor (3,53) éjahan dina nulis surat geus merenah.

- b) Dina aspek ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda rata-rata skor (16,73) geus cukup alus atawa geus teu dicampur maké basa Indonesia, ngagunakeun diksi rata-rata skor (15,17).

- 2) Aya ningkatna kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give*, nya éta katitén tina hasil babandingan antara pratés (tés awal) jeung pascaté (tés ahir). Jumlah rata-rata niléy pascaté (tés ahir) leuwih gedé tibatan pratés (tés awal). Katitén kamampuh siswa aya parobahan dina nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda nya éta siswa geus mampuh nepikeun informasi dina eusi surat (niléy pratés 18,95; niléy pascaté 22) siswa geus mampuh nepikeun informasi dina eusi surat , nulis struktur surat anu lengkep (niléy pratés 12,39; niléy pascaté 15,43) geus cukup patali antara babagian surat nu hiji jeung nu séjénna, ngagunakeun undak usuk basa Sunda anu merenah (niléy pratés 12,46; niléy pascaté 16,73) geus cukup alus atawa geus teu dicampur maké basa Indonesia , diksi (niléy pratés 11,80; niléy pascaté 15,17) anu digunakeun ku siswa geus cukup merenah jeung éjahan (niléy pratés 2,8; niléy pascaté 3,53) anu digunakeun geus merenah.

- 3) Aya béda anu signifikan kamampuh nulis surat pribadi antara saméméh (pratés) ngagunakeun modél *Take and Give* jeung sanggeus (pascaté) nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda. Katitén dina uji hipotésis

nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda nuduhkeun t_{itung} (15) t_{tabel} (2,42) dina tarap kapercayaan 99%.

“Modél *Take and Give* bisa ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda kelas X A SMAN 3 Cimahi”.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangpaat pikeun kamajuan di sakola dina ningkatkeun kualitas sakola jeung kualitas guru nu ngajar. Hususna dina ningkatkeun kaparigelan nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda. Ku kituna, aya sababaraha saran ti panulis diantarana:

- 1) Dumasar kana kamampuh nulis Surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda Modél *Take and Give* bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru ngajarkeun kaparigelan nulis surat ngagunakeun undak-usuk basa Sunda.
- 2) Ayana panalungtikan ngeunaan modél *Take and Give* dina pangajaran nulis atawa pangajaran anu lianna enggoning leuwih ngabuktikeun kaéfektifan éta modél pangajaran.